



Pou Piblikasyon Imedya: 30/12/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE SIKSÈ INISYATIV SIBVANSYON POU ESTABILIZASYON GADRI

Eta New York te bay 900 milyon dola ak apeprè 15,000 founisè gadri nan kad inisyativ inik li a pou ranfòse endistri gadri a

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse siksè Eta New York nan bay 900 milyon dola nan Sibvansyon pou Estabilizasyon Gadri pou pwogram gadri yo nan tout eta a. Sibvansyon yo fè pati pake investisman 2.3 milya dola nan endistri gadri Eta New York ke Lwa sou Plan Sekou Ameriken federal la ak Lwa sou Kredi Sipleman tè pou Entèvansyon ak Sekou kont Kowonaviris la te finanse. Biwo Sèvis pou Timoun ak Fanmi (Office of Children and Family Services, OCFS) an te bay finansman pou apeprè 15,000 founisè gadri ki kalifye pandan plis pase kat mwa, soti out rive novanm.

"Gadri se kolòn vètebral ekonomi nou an, epi investisman transfòmatè sa a enpòtan pou konstwi rekiperasyon ekonomik nou an", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Finansman sa a se yon liy sovtaj pou founisè yo epi ede asire Nouyòkè yo gen aksè ak gadri bon kalite nan eta a. Mwen fyè de siksè nou nan pèmèt fon sa yo ale jwenn travayè esansyèl yo ki pran swen moun ki pi jèn nou yo".

Se OFCS k ap administre fon yo pou kouvri depans pèsònèl, lwaye oswa ipotèk, sèvis piblik, antretyen ak amelyorasyon enstalasyon, ekipman pwoteksyon pèsònèl, founiti ki nesèsè pou reponn ak COVID-19 la, byen ak sèvis ki nesèsè pou kenbe oswa reprann sèvis gadri, sipò sante mantal pou timoun ak anplwaye yo, fòmasyon sou sante ak sekirite pou pèsònèl la, ak lòt.

Komisè OCFS la, Sheila J. Poole, te deklare, "Mwen felisite Gouvènè Hochul pou angajman li dèske li investi nan gadri ak sipòte yon edistri ki sipòte tout lòt biznis yo. Sa se yon rekonesans yo t ap tann lontan sou wòl fondamantal gadri jwe nan ekonomi nou an. Mwen pa ka tann pou wè efò kontinyèl nou nan re-ouvri, rekonstwi ak revitalize gadri nan Eta New York pou sipòte chak fanmi k ap travay ki konte sou li".

Manm Kongrè Joe Morelle te deklare, "Pandemi sa a te kite twòp fanmi an difikilte epi nou gen devwa pou nou ba yo sipò ak soulajman yo bezwen. Nou fyè dèske nou te bay finansman sa a pou asire opsyon gadri bon kalite pou Nouyòkè yo kapab retounen nan mache travay la—akòz pi gwo aksè nan swen abòdab pou fanmi amelyore rezilta ekonomik yo pou tout moun".

Manm Kongrè, Jamaal Bowman, te deklare, "Timoun nou yo dwe se sant tout travay n ap fè epi Sibvansyon pou Estabilizasyon Gadri a enpòtan pou byennèt timoun nou yo ak sila yo ki sousye de yo. Mwen fyè dèske mwen te travay san pran souf nan Kongrè a pou pèmèt Plan Sekou Ameriken an, yon sous fondamantal finansman sibvansyon sa yo, adopte ak tounen yon lwa pou yo kapab pran an chaj timoun nou yo ak swayan yo. Finansman sa yo pral bay sipò sante mantal pou timoun ak anplwaye yo, fòmasyon sou sante ak sekirite pou pèsònèl la, epi pral ede kouvri depans lwaye, ipotèk, antretyen ak amelyorasyon enstalasyon an. Nou pa kapab inyore ke timoun nou yo ap souffri akòz pandemi sa a epi bezwen resous. Sibvansyon sa yo se yon etap enpòtan, epi nan Kongrè a, m ap batay pou yon lòt pake COVID-19 ki mete timoun nou yo nan sant ak sekirite avni yo".

OCFS rekonesan anvè patnè li yo atravè Eta New York ki te ede founisè gadri yo aplike pou sibvansyon yo, sa gen ladan asistans nan aplikasyon ke OCFS òganize pou founisè nan tout Eta a atravè ajans Resous ak Referans pou Gadri, Asosyasyon Anplwaye pou Sèvis Sivil, Federasyon Pwofesè Ini epi Lojman ak Kòporasyon Devlopman Ekonomik pou Fanm. Yo te anboche Konsèy Swen ak Aprantisaj pou Timoun Piti pou ede kowòdone asistans vital sa a nan tout Eta a.

Founisè gadri yo nan 10 rejyon nan Eta New York te resevwa montan annapre yo nan finansman Sibvansyon pou Estabilizasyon:

Capital Region	\$31,222,838
Central New York	23,727,800
Finger Lakes	37,166,926
Long Island	118,922,360
Mid-Hudson	88,662,338
Mohawk Valley	11,837,200
New York City	519,816,612
North Country	12,864,900
Southern Tier	19,023,136
Western New York	37,547,618
TOTAL	\$900,791,728

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)